ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГъУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЫАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№84 (22.992) • 2015 гъэм накъыгъэм (майм) и 7, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIуэкIуэ Юрий Роспотребнадзорым и унафэщIым и къуэдзэ Кузькин Борис хуэзащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгуасэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм щыхуэзащ Роспотребнадзорым и унафэщIым и къуэдзэ Кузькин Борис. Ахэр тепсэлъыхьащ санитар-эпидемиологие кIэлъыплъныгъэр зэтегъэуэвэным, республикэм санитар шынагъуэншагъэ къыщызэгъэпэщыным, щэхуакIуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным пыщIа Iэхухэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий къыгуасэ щIэныгъэщхьэхурэ ящIащ псым и щытыкIэм зэпымыууэ кIэлъыплъын, уэ зэрыщIалэхэр къэмыхьеин папщIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр щIэгъэхуэбжьэн зэрыхуейр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1аIэ.

Мы махуэхэм

Накъыгъэм и 7, *махуэку*

♦Радиом, связым и Iэнатlэ псоми я лэжьакIуэхэм я махуэщ.

♦1895 гъэм урыс инженер Попов Александр ялъ радиоприемник кIигупсысащ.

♦1927 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и ялъ нэтынхэм щIидзащ.

♦1985 гъэм Налшык Хэку зауэ орденым и ялъ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ.

♦1990 гъэм КъБР-м и Адыгэ Хасэ жылагъуэ зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦Мэхъумэш щIэныгъэхэм я кандидат, КъБР-м щыхьэ зиIэ и агроном **Чэгъэду Владимир** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокIу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Балэ Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъБР-м щыхьэ зиIэ и журналист, КъБР-м и Къэрал сауГъэтым и лауреат **Къудей Владимир** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокIу.

♦Сурэтыщ1 Пщыхьэщ1э Хьэсэнбий и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэ щытелъынущ, пIалъэпIалъэкIэрэ уэшх къыщыуцыхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градуси 9 - 10 щыхьэнущ.

Накъыгъэм и 8, *мэрем*

♦Жор Плъыжьымрэ Мазэ Ныкъуэ Щхьэантlэмрэ я дунейпсо махуэщ

♦1945 гъэм фашист Германием псалъэмакъэншэу зыкъызэритымкIэ актым Iэ традзащ.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щыхьэ зиIэ и лэжьакIуэ **Нэгъуей Бесльэн** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокIу.

♦Олимп чемпион **Шыхъуэ Борис** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокIу.

♦Химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щыхьэ зиIэ и лэжьакIуэ **Къущхьэ Хьэсбий** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэ щытелъынущ, уэшх тIэкIу къыщыкIынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 18, жэщым градус 12 - 14 щыхьэнущ.

Накъыгъэм и 9, *щэбэт*

♦ТЕКIУЭНЫГъЭМ И МАХуЭЩ

♦1945 гъэм - «1941 - 1945 гъэхэм еКIуэкIа Хэку зауэшхуэм Германием зэрыщытекIуам папщIэ» медаль рагъэуваш.

♦1945 гъэм советыдзэхэм Чехословакием и щыхьэр Прагэ хуит къащыжащ.

♦Режиссёр, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щыхьэ зиIэ и лэжьакIуэ **Мыд Хьэжмусэ** къызэралъхуэр илъэси 105-рэ ирокIу.

♦Адыгей драматург, прозаик **Щхьэплъокъуэ Хьисэ** къызэралъхуэр илъэс 97-рэ ирокIу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, УФ-м щыхьэ зиIэ и связист **Ефэнды Батий** къызэралъхуэр илъэс 88-рэ ирокIу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Пэнагуэ Азэмэтджэрий** къызэралъхуэр илъэс 84-рэ ирокIу.

♦КъБР-м щыхьэ зиIэ и артист **Сэкрэк Мухьэдин** къызэралъхуэр илъэс 82-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 13, жэщым градуси 10 - 11 щыхьэнущ.

Накъыгъэм и 10, *тхьэмахуэ*

♦Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къуэныкъуей Назир** къызэралъхуэр илъэс 99-рэ ирокIу.

♦УсакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щыхьэ зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэлъущы Лолэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦УсакIуэ **Хьэщ1ыкIу Хьэсэн** къызэралъхуэр илъэс 78-рэ ирокIу.

♦ЖылагъуэкIэ, Бахьсэн щIыналъэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Шапсыгъ Хьэсэн** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокIу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Щоджэн Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокIу.

♦УсакIуэ **Къуныжь Хьэлишэт** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градус 11 - 12 щыхьэнущ.

Накъыгъэм и 11, *блыщхьэ*

♦1934 гъэм КъБР-м ПромышленностымкIэ и управленэ къызэрагъэпэщащ.

♦Къэрал лэжьакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Евтушенкэ Николай** и ныбжьыр илъэс 94-рэ ирокIу.

♦КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI, республикэм щыхьэ зиIэ и экономист **Мусуков Алий** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 16, жэщым градус 12 щыхьэнущ.

Накъыгъэм и 12, *гъубж*

♦Медицинэ сестрахэм я дунейпсо махуэщ

♦Абхъазым и щыхьэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Шинкубэ Багърат** къызэралъхуэр илъэс 98-рэ ирокIу.

♦Публицист, КъБР-м щыхьэ зиIэ и журналист **Уэрыш Нурхьэлий** и ныбжьыр илъэс 80 ирокIу.

♦Шэрджэс еджагъэшхуэ, Iуэрыпуатэдж, КъШР-м щыхьэ зиIэ и журналист **Брат Хьэсин** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 16, жэщым градус 12 - 13 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬэкIэмыхъУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Шыр тесым егъэдахэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ цIэ лъапIэхэр яфIэщын

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэр

Ахкубеков Елдар Къетмырзэ и къуэм - «Урысейпсо къэрал телерадиокомпание» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и къудамэм - «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпаниемрэ радиовещанэмкIэ и Iэнатlэм и шеф-редактору,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр

Жаным Мухьэмэд Хьэзрэил и къуэм - «Урысейпсо къэрал телерадиокомпание» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и къудамэм - «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпаниемрэ радиовещанэмкIэ и Iэнатlэм и инженеру,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ и Iэнатlэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр

Ахьий Руслан ТIутlэ и къуэм - къалэ зэхуаку, къэрал зэхуаку электросвязьмкIэ «Ростелеком» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и Къэбэрдей-Балъкъэр Iуэхущlапlэм и административно-хозяйственнэ управленэм и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм накъыгъэм и 6-м
№64-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министру **Лыхь Заур Iэбубэчыр** и къуэр гъэувын.

2. Мы Указым къару егъэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм накъыгъэм и 6-м
№66-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 20-м къыдигъэкIа Указ №241-УГ-мкIэ къыщтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету **унафэ щIэ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм пыухыкIауэ хэтхэм я Iуэхукlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 20-м къыдигъэкIа Указ №241-УГ-мкIэ къыщтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн мы къэкIэлыкIуэхэр:

Гуфэщыгъуэ Залымджэрий Iэбубэ и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкIэ и министрыр;

Лыхь Заур Iэбубэчыр и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрыр.

2. Мы Указым къару егъэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм накъыгъэм и 6-м
№67-УГ

Беларусымрэ Урысеймрэ я Союзым и Парламент Зэхуэсым и Советым Беларусь Республикэмрэ Урысей Федерацэмрэ я цIыхуэхэм

ЗЭРЫЗЫХУАГъАЗЭР

Беларусымрэ Урысеймрэ я цIыхуэху пщIэ зыхуэтщIхэ!

Накъыгъэм и 9-м дэ догъэлъапIэ совет цIыхубэм Хэку зауэшхуэм къыщахьа ТекIуэныгъэр илъэс 70 зэрырикъур. Дэ тщыщ дэтхэнэми папщIэ ТекIуэныгъэм и махуэр хэIэтыкIа уэ лъапIэщ икIи дунейпсо тхыдэм и къэхъуакIэщ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ. А махуэм дэ зэи хуэмыдэжу кууэз зыхьыдощIэ Хэкум и сэбэп зыхэлъэр хъумэным, ар сыт хуэдэ еБГъэрыкIуэныгъэхэми къегъэлъыным ухуэхьэзыру ущытыным и мыхьэнэр зэрыпинр.

ТекIуэныгъэм и махуэр дгъэлъапIэурэ дэ яхуэфащэн пщIэ яхудощI хэкур фIыуэ лъагъуныр зи мурад нэхъыщхьэу щыта икIи абы и щхьэхуитныгъэр хъумэным зи гъащIэр щIэзыта цIыхуэхэм. Дэ тщыгъупщэркъым Совет Союзым иса лъэпкъхэм я зэныбжьэгъуэгъэ, ди къэралхэм щыпсэуэр иджыри зихуэпэж зэныбжьэгъугъэр ТекIуэныгъэм и хэкIыпIэ нэхъыщхьэу зэрыщытар.

Беларусымрэ Урысеймрэ я цIыхуу я зауэм хэкIуадэхэр мелуан бжыгъэ мэхъу, абы къыхэкIыу дэ тхуэшэчынкIэ Iэмал иIэкъым хэкIуадэхэм я феэплъыр зэрыпудыну икIи нацист щIэпэхьаджащIэхэр хей ящIыжьину яужь зэритыр.

Хэку зауэшхуэм хэкIуадэхэми абы хэтахэм ящыщу нобэ псэуэми я пашхэ дэ щыдлIэ къалэм лъапIэр ящыгъ. Ар сыт хуэдэ еБГъэрыкIуэныгъэхэми къегъэлъыным мызакъуэу, тхыдэм и пэжыр хъумэнырщ, ар къызытхIыжьыну хущIэкъуэхэм ткIийуэ япэщIэувэнырщ.

Дэ, Беларусымрэ Урысеймрэ я Союзым и Парламент Зэхуэсым и депутатхэм, зыщыщ лъэпкъхэм я полномочнэ лIыкIуэхэм Беларусымрэ Урысеймрэ я цIыху псори кIыхь-доджэ блэкIам къытрагъэгъэзэжын папщIэ абы и дерсхэр къащтэну, нарцизмэм лIыхъужьыгъэ зэрихьауэ къэзыгъэльэгъуэну хущIэкъуэхэм япэщIэтыну, блэкIа зауэшхуэм и пэжыр хъумэным кIурууэ яIэр ирахьэлIэну. Аращ ди планетэм мамырыгъэ быдэ икIи зэпIэзэрыт щыIэныкIэ, псоми ди зэхуэдэ ди унэм шынагъуэ къытемыхьэныкIэ шэсыпIэр.

ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэмкIэ дыныбохъуэхъу, ныбжьыгъуэ лъапIэхэ!

Тхыдэм къыззэрыхэнар ягу къагъэкIыж

Накъыгъэм и 2-м Налшык къалэм и тыкуэныштхуэхэм ящыщу зым фIелшмоб щекIуэкIащ, ТекIуэныгъэ Иныр къызэрахьэ илъэс 70 зэрырикъум и щыхькIэ.

ЩIэхуакIуэ кIуахэм зэхахащ «Смуглянка» уэрэдыр щIалэгъуалэм жаIэу. Налшык ГъуазджэкэмкIэ и школымрэ Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэкэмкIэ и къэрал институтымрэ щеджэгъу махуэшхуэм и пэ кIыхьэу зэхуэсащ. «Республика - общее дело» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Хьэкlуащэ Хьэжмурат зэрыжиIэмкIэ, Iуэхум хэтхэм гупыж ящIащ Хэку зауэшхуэ зэманым Налшык щыпсэуэхэм лIыхъужьыгъэ къызэрагъэльэгъуар тхыдэм къызэрыхэнар апхуэдэ щыкIэкIэ щIыналъэм щыпсэуэхэм ягу къагъэкIыжыну. Зауэм, тылым къыщагъэльэгъуа хахуагъэм, щыIэныгъэм папщIэ Урысейм и Президентым и унафэкIэ Налшык «Дзэ щIы-хьым и къалэ» дамыгъэр къыхуагъэфэщащ.

Флешмобыр зэхуащIыжащ Харитонов В., Тухманов Д. зэдатха «День Победы» уэрэд цIэрыIуэмкIэ. Зэхуэсахэм я нэпс къафIекIуэу абы дежьуащ.

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум теухуа гуфIэгъуэ Iуэхухэр

ПIалъэ гъуэгуанэ хуабжьу Iэтауэ щагъэльапIэнущ республикэм и къалащхьэмэ абы и дэтхэнэ жылагъуэми.

Нобэ сыхьэт 12-м Налшык къалэм и администрацэм и унэм деж къыщыгъэIуэх Хэку зауэ орденым и ялъ нагъыщэм хуагъэува фэеплъыр. Апхуэдэу сыхьэт 15-м Аруан районым щыщ Псынабэ къуажэм къыщыдзэIуахынущ 1941 - 1945 гъэхэм еКIуэкIа Хэку зауэшхуэм хэкIуада зауэлIхэм я фэеплъыр.

Пщэдей, накъыгъэм и 8-м, къалэдэсхэм **сыхьэти 10-м** деж удз гъэгъэхэр щагъэтIылъынущ 115-нэ шуудзэм и зауэлIхэм, Налшык къалэм щыщу Хэку зауэшхуэм и зэманым хэкIуэдахэм я фэеплъхэм, ТекIуэныгъэм и стелэм деж.

Сыхьэт 12-м Налшык и Дзэшхуэй хадэм щекIуэкIынущ «ЦIыху къэс щхьэхуэу дигу къэдгъэкIыжынщ» пэкIу -концертыр. Ар теухуащ «Налшык залуэлI щIыхьым и къалэщ» стелэр къызэрызэIуахым.

А махуэ дыдэм сыхьэт 14-м КъБР-м и лъэпкъ музейм «ТекIуэныгъэ Ин» суэрт выставкэр, ГъуазджэмкIэ музейм Хэку зауэшхуэм хэта художникхэм я сурэтхэм я выставкэр къыщызэIуах.

ТекIуэныгъэм и махуэм, накъыгъэм и 9-м, пщэдджыжьыр сыхьэти **9.00-9.30-хэм** къурибудзэу «Мыуыжьыж мафIэ» мемориалым деж республикэм и унафэщIхэр, къалэдэсхэр щыгъэхуэсынурэ пэкIу парадыр щекIуэкIынущ, феэплъым удз гъэгъахэр трагъэхьынущ.

Сыхьэти 10-м ЗэгурыIуэныгъэ утым щыщIедзэ Хэку зауэшхуэм къыщахьа ТекIуэныгъэр илъэс 70 зэрырикъум и щыхькIэ къызэрагъэпэща гуфIэгъуэ парадым. Абы иужькIэ къалэм и уэрам нэхъыщхьэм къытехьэнущ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ. «Полк уахътыншэ» лэжьыгъэм ди деж щыпащэнущ икIи зауэм хэта я благъэхэмрэ Iыхьлыхьэмрэ я сурэтхэр зыIыгъ гупхэр Зэгурыуэныгъэ утым нэс къэкIуэнущ.

Къалэм и щIыпIэ кушъэм концерт нэгуэшуокъуэм и хадэм утыкур щагъэбжьыфIэнущ Налшык къалэм и самодеятельнэ артист гупхэм.

Илъэс куэд лъандэрэ къекIуэкI хабзэм тету Налшык и щыгъэжапIэм **сыхьэт 13-м** щыгъажэшхуэ къыщызэIуахынущ.

Сыхьэт 17-м къэрал концерт гъэлъэгуапIэм и гупэм деж щызэхьихьэнущ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и симфоние оркестрым хэтхэмрэ сабий хор зэгурыIуэмрэ. Абыхэм «ТекIуэныгъэм и Махуэ» зыфIаща концертыр ягъэльэгъуэнущ.

ГуфIэгъуэшхуэм и щыхькIэ пщыхьэщхьэм **сыхьэт 21-м** «Спартак» стадионым и гупэм деж гуфIэгъуэ салют щатынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Роспотребнадзорым и унафэщIым и къуэдзэ Кузькин Борис хуэзащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Роспотребнадзорым и Унэм щыхуэзащ Роспотребнадзорым и унафэщIым и къуэдзэ Кузькин Борис. Ахэр тепсэлъыхьащ санитар-эпидемиологие кIэлъыплъныгъэр зэтегъэуэвэным, республикэм санитар шынагъуэншагъэ къыщызэгъэпэщыным, щэхуакIуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным пыщIа Iэхухэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгуасэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм щыхуэзащ Роспотребнадзорым и унафэщIым и къуэдзэ Кузькин Борис. Ахэр тепсэлъыхьащ санитар-эпидемиологие кIэлъыплъныгъэр зэтегъэуэвэным, республикэм санитар шынагъуэншагъэ къыщызэгъэпэщыным, щэхуакIуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным пыщIа Iэхухэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий къыгуасэ щIэныгъэщхьэхурэ ящIащ псым и щытыкIэм зэпымыууэ кIэлъыплъын, уэ зэрыщIалэхэр къэмыхьеин папщIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр щIэгъэхуэбжьэн зэрыхуейр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1аIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Фэеплъ тхылъыр

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Фэеплъ тхылъым и томищ къыдагъэкIащ. Ар игъэхьэзыращ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Фэеплъ тхылъыр Урысейпсо Фэеплъ тхылъым и Iыхьэщ икIи ар хуэчэм щIагъуэ щымыIэу ixьэзыр яIуэу щытащ Хэку зауэшхуэм къыщахьа ТекIуэныгъэр илъэс 50 щрикъум ирихьэлIэу, 1995 гъэм. Абы щыгъуэ КъБР-м и Фэеплъ тхылъым и томиплIэр экзэмплярИтIу Москва яшэри, Хэку зауэшхуэм и музейуэ Поклоннэ Iуащхьэм щыIэм игъащIэкIэ щахъэмэну щIалъхьауэ щытащ.

Ялэм зыщымыгъуаззу щита хьыбархэр Урысей Федерацэм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм и Архив нэхъыщхьэм къыззэрыщагъэтыжам, апхуэдэу хэкIуада зауэлIхэм я благъэхэм къызэрагъэхьам къыхэкIыу Фэеплъ тхылъым и етхуанэ томыр 1999 гъэм къыдагъэкIащ. Абы республикэм и район, къалэ псоми щыщу хэкIуадэхэу ялэкIэ зыщымыгъуаззу щытахэм я спискэхэр иратхащ, цIыху щхьэхуэхэм ятеуха зэхъуэкIыныгъэ пIуыкIыкIэхэр къыщытрадзащ. Апхуэдэу къаугъэльэгъуащ щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъэхэм къыхэкIыу зи унэцIэхэр щыуагъэкIэ тхылъым и 1-нэ, 2-нэ, 3-нэ, 4-нэ томхэм иратхахэр.

КъБР-м и Фэеплъ тхылъым и 5-нэ томыр щыдэкIа иужькIэ белджылы къащIащ 115-нэ шуудзэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу хэта зауэлIу гъэр ящIахэр икIи Германие Федеративнэ Республикэм хьыхэ Цайтхайн къалэм щылIэу щIалъхьэжахэр, Украинэ Республикэм щыщ Белая Церковь къалэм щыщIалъхьахэр. Апхуэдэу хъыбарыщIэхэр къыщагъэуэтащ интернетым и www.voennoplennye.dokst.de. www.srpo.ru. Obd-memorial.ru, www.podvignaroda.mail.ru, www.memo.ru, www.soldat.ru, www.pobeda-mo.ru.www.mipomnim.ru и сайтхэм. А псоми къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Фэеплъ тхылъыр щIэрыщIэу къыдагъэкIыжын хуей хъуащ.

«1941 - 1945 гъэхэм еКIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщахьа ТекIуэныгъэр илъэс 65-рэ щрикъум хэзгъэза мазэхуэшхуэ дауэдапщэхэм захуэгъэхьэзырыныкIэ ахэр егъэкIуэкIыныкIэ я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2009 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м къыдигъэкIа унафэ №43-РП-м ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым къыщызэрагъэпэщащ КъБР-м и фэеплъ тхылъыр щIэуэ къыдагъэкIыжыным хуэзыгъэхьэзырыну лэжьакIуэ гуп. Къэлэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм щагъэбелджылащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ зауэлIхэр къэльэгъуэжьыныкIэ, абыхэм ехьэлIа Iуэхуэр гъэтэмэмыжьныкIэ жэуап зыхь къэлыкъуащIхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым къыщыщыгъэг

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Фэеплъ тхылъыр

(КІэухыр. Пэщ1эдзэр 1-нэ нап.).

Фэеплъ тхылъым и дэтхэнэ томми зауэм и лъэхъэнэм хэкІуэдахэм, уІэгъэм иІыкІахэм е хъыбарыншэу кІуэдахэм я спискэхэр КъБР-м и административнэ щІыналъэхэм ятеІщІыхьауэ щІэзэхэгъэкІаш. Дэтхэнэри зыхьихь къалэ округым е муниципальнэ щІыналъэм хиубыдэу алфавитКІэ къызэкІэлъыхьащ, абы теухуауэ зыщыгъуазэ хъыбарыкІэлъыкІуэу. Налшык, Прохладнэ, Бахъсэн къалэхэм, апхуэдэу дэтхэнэ адрей щІыналъэми хиубыдэ спискэхэм ялэкІэ уХэзыгъэгъуазэ тхыгъэ итщ.

Фэеплъ тхылъым ди къэхэгъуэку хэкІуэдахэм я фэеплъу КъБР-м и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щагъэувахэм я сурэтхэр кьытрадзащ икІи абыхэм гуэдзэн хуащІащ: КъБР-м и картэу фэеплъ сынхэр, обелискхэр, хэкІуэда зауэлІхэр щыщІалъхъа щІыпІэхэр къыщыгъэлъэгъуар, советыдзэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щекІуэкІа зауэхэм кьыззрикІуэтар, апхуэдэу зэребгъэрыкІуар къыщыгъэлъэгъуа картэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щызэуа дзэ частхэм я спискэр, республикэм и щІыналъэм щыІа уІэгъэщхэм я спискэр.

Фэеплъ тхылъым и томищым итщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щалъхуа зауэлІхэм ящыщу хэкІуэдахэм, хъыбарыншэу кІуэдахэм, гъэрыпІэм щылІахэм ятеухуа хъыбарыщІэхэр. Фэеплъ тхылъым и еплІанэ томыр 2016 гъэм къыдэкІынущ. Абы иратэнущ Пасхэм, Май, Аруан, Шэрдэж щІыналъэ дзэ комиссариатхэм зауэм ираджахэм ящыщу хэкІуэдахэм я унэцІхэр, апхуэдэу 1 - 3-нэ томхэм и тхыгъэхэр зыгъэтэмэмыж Іуэху щхьэхуэхэр.

Тхылъым и редколлегием къеІуатэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу Хэку зауэшхуэм хэкІуэда псори нобэм иріхьэлІэу кьахэумыхутауэ. Абы къыхэкІыу пэжыгъэм адэкІи пыщІэн хуейщ. ЩІэуэ къыгъэтлъ хъыбархэр иратэнкІуэ КъБР-м и Фэеплъ тхылъым и 4-нэ томым и гуэдзэным.

Ди республикэм щыщхэми нэгъуэщІ щІыналъэхэм щІепсэухэми езыхэр зыщыгъуазэ Іэуэхуэр къытІэрагъэхьэн, апхуэдэу Фэеплъ тхылъым и епІэ томищыр къазэрыщІхьуамрэ абыхэм хуащІ дагъуэхэмрэ кьатхьан папщІэ дэ къызэдгъэпэщащ «КъБР-м и Фэеплъ электрон тхылъ» проектыр. Ар иралъхьащ www.knigaprantyati-kbr.ru, www.kbigi.ru сайтхэм.

Интернетыр къэзыгъэссэбэпхэм ныжвЫдоІэ фи дэІепыкъуныгъэм дыззэрыхуэныкъуэр. Мы проектым хиубыдэ «ЛъыхъуакІуэ» Іыхьэр къыщІигъэщу дэтхэнэми иритэх хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Фэеплъ тхылъым и япэ томищым итдэтхэнэ зы зауэлІми и унэцІэр икІи абы теухуа хъыбарр псоми щыгъуазэ хьунущ.

«ФэызыщІэупщІэр евгъэхь» Іыхьэр кьигъэсэбэпу, дэтхэнэми кьытІэригъэхьэфынущ альмандэрэ дызыщымыгъуэзэ унэцІэр, апхуэдэу тхылъым итхэм ящыщ дэтхэнэми еХьэлІауэ зэхъуэкІыжьхи хуейуэ кьилъытэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Фэеплъ тхылъым и редколлегие.

Гъащ1э гугъу

● Дэ къытхуатх

Газетыр къэзгъэсэбэну, сэ фэзгъэщІыхуну сыхуейщ си адэшхуэ Щхьэгъум ТІымыш и къуэ Азрэталий. Ар 1945 бадзэуэгъуэм и 20-м Украинэм къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ Бахъсэнэнкъ къуажэм 1946 гъэм гъэм къэІэпхъуэжащ абы и унагъуэр. И ныбжьыр илъэсиблым иту къуажэ школым щІэтІысхьэри, илъэси 7-кІэ щеджащ. ИтІанэ Бахъсэн кьалэ дэт еджапІэм щІагъэтІысхьэри, абыи илъэсищкІэ и щІэныгъэм щыхигъэхуащ. ЕджапІэ ныужьым Азрэталий колхозым щылІэжьащ тракторым тесу.

«КАВКАЗ ПЛЪЫЖЬ» колхозым хэтуэр, си адэшхуэм и ялэ медалыр - «Лэжьыгъэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» - 1973 гъэм кьратащ. НэгъуэщІ медаль зыбжани иІэщ си адэшхуэм, лэжьыгъэм псэ хьалэмкІэ зэрыпэрытам щхьакІэ кьратауэ. Колхозым илъэс 25-кІэ хэтати, зы махуи зигъэпсэхуакъым, лэжьыгъэм я нэхъ хьалъэр игъэзащІэу екІуэкІащ.

Азрэталий и Іуэхур кьыдигъэпсынщІэу, и жьэгур игъэхуабэу гъащІэ гъуэсу кьыдекІуэкІащ Кьыщлэк къуажэм щыщ Сэбаншы Хьызыр ипхъу Фетко. Зощхьэгъусэхэм быних - щалилпІэ хьыджэбзитІр – зэдагъуэтащ.

1986 гъэм дунейм ехьажащ си адэшхуэр, и бынхэм я гуфІэгуэу эжмыпІауэ. Си анэшхуэр абы и фэеплъым хуэпэжу, и бынхэр лъэ быдэкІэ гъащІэм хигъуэващ. И щІалэгъуэм гугъу ехьу псэуами, иджы иІуэтэжащ ди нанэ, и бынхэмрэ абыхэм я къальхужьхэмрэ я гъащфІэ. Си адэшхуэм и дунейм тетыкІэм срогушхуэ, апхуэдэуи си щхьэр лъагэу сегъэІэт Іуэху кудым хуэІэижь анэшхуэ гумащІэм и жьауэ дызэрыщІэтым. Нэхъыжь уи жьантІэм дэсын нэхърэ нэхьифІ сыт щхьІэ? Тхьэм кудрэ тхуигъэпсэу! Кьытхэмытыж дади дыхуэфэщэн Тхьэм дищІ!

АЛО Аминэ,
КъБКъУ-м Филологиемкіэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкіэ и кьудамэм и 4-нэ курсым щеджа.

● Накъыгъэм и 7-р Радиом и махуэщ

ТЭТРОКЪУЭ Астемыр,
адыгэ редакцэм и унафэщІ:

Къыдэдаіуэхэр сэбэп къытхуохъу

- Мазае мазэм иЛъэситІ иирикъуащ жэщ-махуэ димыІуэ лэжьэн зэрыщІэддзэрэ. Ауэ щыхъуэкІи, ди лэжьакІуэхэм я бжьыгъэм хэхъуакъым, ухуейрамэ, нэхъ мащІэ дыхъущ. Нэхъапэм, махуэм сыхьэтым щІигъу фІэкІа эфирым дыщымытам, адыгэ редакцэм цІыху 11 щылажьэу щытамэ, иджы псори зэхэту дыззэрыхьур цІыхуиблщ. Ящыныкъуэхэр хъыбарыщІэ кьудамэм кІуащ. Мыдрей кьэнахэм дэтхэнэми мазэм дакъиикъэ 516-рэ нэтыну дгъэхьэзырыну ди пщэрылъщ.

Си щхьэкІэ редакцэм щылажьэ псоми сахуэарэзыщ. Нэхъапэм гуэшауэ, хэт щІалэгъуалэм, хэт медицинэм, хэт егъэджэныгъэм хуэгъэпса нэтынхэр игъэхьэзырырт, ауэ Іэмалынщагъэм, эфир зэман куэд диІэу цІыхур мащІэ зэрыхъуам къыхэкІыу нэтынхэр махуэ бжьыгъэкІэ зэхуэдгъэшауэ догъэхьэзыр. Абы фІы гуэри хэлъщ: зы цІыхуми нэтын щхьэхуэхэр щигъэхьэзырым и дежи щІэщыгъуагъыр Іэщ1эхуу фагъуэ фІэхъун, е къыІэщІэужэгъэнэни хэлъщ.

- Зи щІалэгъуэ лэжьакІуэ фІыэримащІэм и щхьэусыгъуэм утезгъэпсэлъыхьынут.

- Радиор жэщ-махуэм мыувыІэу лажьэу щрагъажьэм, ныбжьыщІэ зыбжанэ къытхуагъэкІуэну, улахуэкІи къыэзрагъэпэщыну дыкъагъэгугъуэу щытащ. Дэ мурад тщІат абыхэм спорт, сабий нэтынхэр едгъэгъэхьэзырыну. Сабийхэм ядэлэжьэн хуейр сабиибзэ зыщІэ, ныбжькІэ щІалэщ. Абыхэм ди нэтынхэр щІэщыгъуэ ящыІнут, гъэщІэгъуэн гуэрхэр къытхалъхьэнут. Аращи, ди лэжьакІуэхэм я бжьыгъэм щыхагъэхъуэнум дыполлъэ.

- Фэ къывзмылъыта лъэпощхьэпо щыІэ?

- Дауи. Псалъэм папщІэ, сэ радиомкІэ къэтт концертхэмкІэ сыарэзыкъым. Ауэ щыхъукІи, уэрэдхэм радиор зэрылажьэ сыхьэт бжьыгъэм и зэхуэдитІыр яубыдын хуейщ. Ауэ иужьрей илъэсхэм дэ зыдорожественнэ советкІэ уэрэдхэр къыхэтхыжыркъым. РадиомкІэ къэтт языныкъуэ уэрэдхэм я псалъэхэм ухэІэззэщІыхьыжыну уахуэдзэлащхьэу апхуэдэщ. Къэжэр Пётр, Бицу Анатолэ, Бещтокъуэ Хьэбас сымэ я усэхэмкІэ уэрэдыфІ дыдэхэр ятхыу щытащ. Дапщэщ абыхэм я уэрэдыщІэ иужьрей зэманым щызэхфхар? ТхакІуэхэм тхэкІэ ящыгъупщэжауэ аракъым, ауэ ахэр профессиональнэ композитор фІэкІа пхудэлэжьэну къыщІэкІынукъым. Аращи, псынщІэхъунщІэету джэгу уэрэд зэхалъхьэ, ар утыкум щагъэІу. Апхуэдэу хъунукъым. Уэрэдым и мызхэнэр, абы и кІарур куэдкІэ нэхъ лъагэщ.

- Дапэкіэ фи мурадхэм, кьывздаіуэхэр зэрыбгъэгуфІэнум дыщыбгъэгъэзамэ, арат.

- Радиом гъэтІылъыгъэ и куэдщ. Ахэр кьызыкъуэтхунущ.

Къыдэдаіуэхэр кІэщІкІэщІуэ кьопсалъэ, езыхэм я Іуэху еплъыкІэр, нэхъ зыхуеинухэмрэ къахуэщхьэпэну кьалъытэмрэ кьыщаІэри, ари сэбэп къытхуохъу.

Епсэлъар
�щОМАХУЭ Залинэщ.

КЪУДЕЙ Лидэ:

Умыщ1э куэдым нэІуасэ ухуещ1

ИЛЪЭС 40 хьуауэ сыщолажьэ радиом. Журналистикэр Іэщ1агъэ зэрыскухэхъурэ зы махуэ сыхущІегъуэжакъым. Пэжщ, совет зэманым радиом и пщІэр нэхъ лъагэу, абы къэралым хуищІ гулъытэр нэхъ ину щытащ, ауэ уэшх блэкІам щІакІуэ кІэлъыпщтэжкІэ, мыхьэнэ иІэкъым. Жэщ-махуэм дымыувыІэу лэжьэн зэрыщІэддзэрэ кьыдэдаІуэм я бжьыгъэм хэхъуащ. Ущымыгугъ1ыкІын плъэкІыркъым ныбжьыщІэ цІыкІуэхэм я тхьэкІумэм наушнк илъу адыгэ радио зэредаІуэр щызэхэпхкІэ, ар дамэ схуохъу. Радиом адыгэбзэр ехъумэ, ар хабзэм, гъэсэныгъэм, егъэджэныгъэм я кІыщщ, псом нэхърэ нэхьыщхьэращ, хьыбаргъащІэ нэхьыщхьэхэм ящыщщ. Влэжьын вгъэтрэ - жыпІэмэ, догъуэт, ухуейрамэ, кьыдобэкІ, лэжьыгъэм игъэтхьэусыхэр зи Іэнатіэр фІыуэ зымыльагъурщ. Сэ сызыгъэгумэщІэхэм ящыщщ лэжьакІуэ ныбжьыщІэ дызэримыІэр. Зи щІалэгъуэр Іуэхум хуэІэижь нэхъыжьхэм яхэту ящысыхьэ. Ауэ щІалэгъуэр Іуэхум лэжьакІэ зрегъэщІэф. Журналистикэ Іэщ1агъэм гъащІэм и лъэныкъуэ куэд кьызэщІеубыдэ, абы цІыху гъэщІагъуэнхэм, гупсысэкІэ щІэщыгъуэ зиІэхэм уаІуе-гъащІэ, умыщІэ куэдым нэІуасэ ухуещІ, дэтхэнэ зыми фІы гуэр хэлъщ, ар зэрыдгъэлъэгъуэным дыпылъщ. КъыдэхъулІэмэ, ди гуапэщ.

МАХУЭЛІ Хъаджэт:

Сызэрыц1ыкІурэ радиор си щхьэгъубжащхьэм тетщ

1989 гъэм радиом лэжьэн щІыщІэддзащ корреспонденту. Мазэ бжьыгъэ гуэрдэкІаІуэ, сабийхэм папщІэ кьудамэм сагъэкІуащ. 1990 гъэм литературэ-драмэ редакцэм лэжьэн щІыщІэддзащ - а кьудамэрат сызыщІэхъуэпсыр. СызэрыцІыкІуэр радиор фІыуэ сольагъу. Сэ сагъэсащ радиом, школ егъэджакІуэхэм, Хэку зауэшхуэм хэта си адэм и хьыбархэм. СызэрыцІыкІуэр радиор си щхьэгъубжащхьэм тетщ. Абы къит нэтынхэр сфІэтелъыджэт, ахэр си гъащІэм щыщ хуьат. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым урысибзэмрэ адыгэбзэмкІэ и кьудамэр къзэуха нэужь, сэ егъэджакІуэу лэжьэн щІэздзат. Пэжщ, сабийхэр фІыуэ сльагурт, си лэжьапІэр си жагъуэуи схужьІэнутэкъым. Ауэ си псэм зыгуэр зэрыхущІщІэр зыхэсщІэ зэпытт. Арати, радиом сыкъэкІуащ. Си гъащІэм хуэчэмІаІуэ, ар зыгуэркІэ нэмыщІысауэ кьысщыхъунут, си гуащІэ радио лэжьыгъэм хэзмыльхьамэ. Сызыпэрыт Іэнатіэм и фІыгъэкІэ сэ ди тхакІуэзыхэу Налохэ Ахьмэдэхьарэ Зауррэ, Іутіыж Борис сымэ, нэгъуэщІхэми сахуэзэну, я гупсысэ сащІэдзэну си насыпт кьихьащ. Сыт хуэдэу си гур хэхъуэрэт, срипагэрэт абыхэм я псалъэ Іуущхэм цІыхуэр щыщІэзгъэдэІукІэ! Иджыпстуи си щІэщыгъуэщ си лэжьыгъэр. Литературэм, гъуазджэм я лэжьакІуэхэм, щІэныгъэлІхэм сайоущІэ. ЦІыху къэс гупсысэ щхьэхуэ и іэжщи, радиом кьедаІуэкІэ щІэзгъэдэІуну сфІэфІщ. Литературэр псэкІэ спэгъунэгъущи, си лэжьыгъэми си гур етащ.

● Егъэджэныгъэ

ЩІэблэм я щапхъэ

Суйдым (Хужьокъуэ) Маринэ. *1985 гъэ.*

Псэ хьэлэлу, и Іэщ1агъэр гурэ псэкІэ фІыуэ илъагъуу илъэс 35-рэ хъуауэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэм пэрытщ Суйдым (Хужьокъуэ) Маринэ Аскэрбий и пхъур. Урысыбзэр езыгъэдж, категорие нэхъыщхьэ зиІэ Маринэ ящыщу зи псэ хуэбагъэмкІэ сабийхэм ядэгъашэхэм, я адэжь щІыналъэр, лъэпкъ хабзэр фІыуэ яльагъуу щІэблэр къэгъэтэджыным хуэлажьэ егъэджакІуэ Іэзэхэм.

МАРИНЭ зэрыжиІэмкІэ, курыт школыр кьиучхыу балигъ гъуэгум щІэтІысыпхъуэм, кьыхихыну ІэщІагъэм триуухакІэт: ар щІэзгъэхъуэпсырт егъэджакІуэ хъууэ школым щылажьэну. А мурадым тету, ар щІэтІысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ щрагъэджэ и кьудамэм икІи екъуІэныгъэхэр иІэу 1980 гъэм ар кьиухащ. А гъэ дыдэм ар егъэджакІуэу ягъэкІуащ Дыгулыбгъуей кьуажэм дэт курыт школым.

- Зы илъэс фІэкІа сымылэжьауэ, сыщалъхуа Шэрдэж Ищхьэрэ къуажэм дэт школым сыкъагъэкІуэжащ, ар адыгэбзэмкІэ егъэджакІуэ хуэныкъуэти, - игу къегъэкІыж Маринэ. - ИужькІэ Іэнагъуэ сихьэри, Арщыдан жылэрпсэупІэ схуэхъуащ, си лэжьыгъэми щыпысщащ абы дэт ещанэ курыт школым.

Абы къыщыщІэдзауэ нобэр кьыздэсым и Іэнатіэм хуэпэжу, и къалэнхэр къызыхуэтынщэу игъэзащІэу а школым щыІэщ Маринэ. Ар хущІокъу, езым и япэ егъэджакІуэу щыта ЛІыхъужей Марие Хьэдис и пхъум хуэдэу, зэфІэкІыу иІэр кьыцдэкІуэтей щІэблэм зэрагъэдгъэхьэным, ныбжьыщІэхэм сыткІи щапхъэ яхуэхъуу зэрагъэтыным.

- ЕгъэджакІуэу улэжьэныр жэуапльныгъэ ин зыпылъ къалэнщ. Сабийхэр фІыуэ умыльагъууи а Іэнатіэр пхуехьэкІынукъым, - и Іэщ1агъэм топсэльыхь Суйдымыр. - Апхуэдэуи псынщІащэу зызыхъуэж иджырей дунеим кьигъэуф псэукІэ мардэхэм сабийхэр пэяльщыфу, къалэн гуэрхэр зыхуагъэувыжрэ, абыхэм яльэІэсыну хущІэкъуу гъэсэнри Іуэху кьызэрыгуэкІкъым. Нэхъыщхьэраци, ныбжьыщІэхэм хьэкъыу япхыгъэкІын хуейщ сыт хуэдэ зэманми зыгуэр кьызэхъуалІэр ерыщу зи мурадым пэщІэтыр зэрыларр.

Апхуэдэ и гупсысэхэр гъэугуфІэльагъэр зыхуищІа гъэсэнхэмкІэ кьулейщ егъэджакІуэр. Абыхэм ящыщщ ХьутІэжь Казбек, Кьэзакъ Ибрэхьим, Сэбаншы Аник, Багъэтыр Динарэ сымэ, нэгъуэщІхэри. Апхуэдэ бынхэр зыпІа, зыгъэса адэ-анэхэм фІыщІэ яхуищІу, Маринэ жеІэ фІыми Іейми я кьежьапІэр унагъуэм зэрыщыІэр.

Ёзы егъэджакІуэми унагъуэ дахэ иІэщ. Абырэ и щхьэгъуэ Хьэсэнбийрэ бынитІ зэдапІащ: Бесльэнрэ Лацэрэ. Ахэр гъащІэм гъэугу захуэ щытрагъэуващ.

Псэ хьэлэлу зи Іэнатіэр езыхьэкІ егъэджакІуэфІым, бзыльхъугъэ щыпхъэм узынщагъэ иІэу, и Іэнатіэм гукъыдэж кьритУ иджыри кьэдрэ псэуну дохъуэхъу.

ХЬЭЛЫЩХ Раметэ,
КъБКъУ-м и студенткэ.

ВЫНДЫЖЬ Марие:

Гугъущ, ауэ икІи гъэщ1эгъуэнщ ди лэжьыгъэр



ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭМ, щІэныгъэм, гъэсэныгъэм теухуащ си лэжьыгъэр. Сабий садым кІуэ щІыкІуэхэм я дежи щыхьэ, зыжьэри, балигъыпІэ иувахэм я дежи сынос. Я ехьэлІэныгъэ, зэфІэкІ, дэзыхьэх Іуэху къызэгъэльагъуэ. КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, «Адыгэ псалъэ» газетым зэгъусэу ирахьэжьащ «Си бзэ - си псэ, си дунеи» лъэпкъ Іуэхур. Ильэс 15 хьуауэ екІуэкІ а Іуэхум сэри сыхэту. Къуажэхэм сокІуэ, щколхэм кьыщІэзгъэпэщ зэІущІэхэр кьызэрэзгъэльэгъуэк. Абыкіэ егъэджакІуэхэм сэбэп сахуэхъуу кьызэлъытэ. Зы щколым и зэфІэкІым, зы егъэджакІуэм и лэжьэкІэм сыщытепсэлъыхькІэ, адрейр абы йодаІуэри, дерсэр щапхъэрэ кьыхех. Си «Дерс» нэтынымкІэ еджакІуэхэми егъэджакІуэхэми сэбэп сазэрыхуэхъуным сыхущІокъу. ЕгъэджакІуэр къэпсалъэу фІыщІэ кьыщысхуащІкІэ, си гуапэ мэхъу, си лэжьыгъэм Іэужь зэриІэм сыщогугфІыкІ.

Радиом сызэрыщыльажьэм нэмыщІ, сабийхэм сахуоусэ. Щхьэж и ныбжь теухуауэ щІыналъэм нэхъ дзэзыхьэхьэм уэрэд диІэн папщІэ макъамэхтх куэдми садолажьэ.

Радиом кьыщызэзгъэпэщри, зэпеуэ езгъэкІуэкІащ лъэпкъ уэрэдхэм ятеухуауэ. Щхьэж кьихьа увыПІэхэри яжетІэжащ. Иджы пшынальэхэмкІэ зэпеуэ йокІуэжі. Си гуапэ мэхъу ку-жэхэм къращыкІыпуурэ хьыбар зиІэ кьафэхэм, пшынальэхэм кьыщысхутепсэлъыхькІэ. Куэдрэ зэхъэзох щІалэгъуалэр лъэпкъ макъамэм емыдаІуэу, атІэ кьухьэпІэ лъэныкъуэм ейм нэхъ дихьэху. Зэпеуэр кьыззресхьэжьэрэ, сэ гу зэрыльыстамкІэ, лъэпкъ уэрэдыжьхэри кьафэжьхэри абыхэм яфІэгъэщІагъэуэщ.

Гугъущ, ауэ икІи гъэщІэгъуэнщ ди лэжьыгъэр. Іэщ1агъэ зэхуэмыдэхэм пэрыт щІыхухэм даІуощІэ, я гупсысэ гъэщІэгъэнхэр зэхьадох. Абы и фІыгъэкІэ лэжьыгъэри къыттехьэлъэркъым.

● Накъыгъэм и 7-р Радиом и махуэщ

ХЬЭМТУ Къадир:

«Адыгэр сыту лъэпкъ дахэ!» - жедгъэІэн папщІэ

КУЭД ЩІАЩ «Адыгэхэр, тхыдэр, хабзэр» пэнымкІ елэжьын зэрыщІэддзэрэ. ЭэманкІэ ар «перестройкэм» кьыдежьауэ жьыпІэ хъунущ. Тхыдэджхэр кьезгъэблагъэрти, лъэпкъым теухуауэ кьззгъэпсалъэрт. Урыс-Кавказ зауэм и тхыдэми дыщытепсэлъыхь хъуащ нэтынымкІ. ЩІэдзэн зэи щыщІэртэкъым. Къезгъэблагъэхэр Іуэхум тезгъэпсэлъыхь мыхъумэ, нэтыным сэ си псалъэ хэслъхьэртэкъым нэхъапэм. Нэтыныр зэпызгъэужри, зыкъомри емыкІуэкІауэ, щІэрыщІэу яхьзэзгъэпэщыжащ иджы. Си гупсыси хьзолъхьэ, сызыкуеймкІи соунэтІ. Ягу дыдыхьэу кьыщІэкІынщи, нэтын нэужьым цІыхуэхэр кьопсалъэ, зыгуэрхэм щІоупщІэ. Псалъэм и хьэтыркІэ, ныбжь зиІэ бзылъхугъэ къэпсэльащ нэтыным щызэхиха адыгэ хъуэхъуэхэм и гур ягъэпІейтеяуэ жиІэу. Пэжщ, дахэу хъуахъуэу щытащ адыгэр. ЦІыхум екъуэхъурт гъэсэныгъэ хэлъыну, лІыгъэ кьылъыкІуэкІыну, гуапагъэ ищІэфыну, и гъавэр бэв хъуну... «ЦІыху хэдэ цІыхуу ущытыну» жаІэу кьрагъэкІырт дэтхэнэ хъуэхъуми. Иджы ахъшэ куэду яІэну, министр хъуну екъуэхъуми, цІыхум ерэлеІуэ хуэупсэу кьалъытэ. Адыгэм и тхыдэр, и хабзэр кьыщыдгъэльагъуэкІэ, псалъэ гъущэ кьудей мыхъуу, щапхъэхэмкІэ, адыгэм кьытхуажаІа псалъэхэмкІэ, гукъэкІыжхэмкІэ щІыдогъэбыдэж. Сэ сызыхуущІэкъэри? Нобэ радиом кьедаІуэм и гупсысэм хэпщэн хуейщ «Адыгэр сыту лъэпкъ дахэ!» жиІэу.

«Дингъуазэ» нэтыным теухуауэ... Ди лъэпкъым диныр джатэкІэ кьищатхьан. Іэбу-Хьэнифэ и мэсхьэбым хуэдэу дахэу адыгэ хабзэм екІуалІэ гъуэтыгъуейщ. А тІур зэрызэщхьыр, гъэсэныгъэ дахэр зэралъабжьэр кьызэгъэльагъуэ си нэтынымкІэ. Си хабзэрэ си динрэ дахэу зэхэзыухуэна лъэпкъ, адыгэм нэмыщІ, щыІэу кьыщІэкІынукъым. Къаугъэншэу кьызэдэгъуэгурыкІуа адыгэ хабзэмрэ динымрэ щхьэ фІэкІуэдрэ иджы лъэпкъым? Сыт ар кьызыхэкІыр? Мис абыхэм датепсэлъыхь.

АБРОКЪУЭ Беллэ:

Узэхэзыххэм уапыщ1а уохъу

ЩЭНХАБЗЭМ, гъуазджэм, литературэм ехпащ си лэжьыгъэр. Тхьэмахуэм кьриубыдэу нэтыни 4 - 5 согъэхьэзыр. «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» нэтыныр журналистхэм зэхуэгъэшауэ догъэхьэзырри, гъубж пщэдджыжьыр сэ си чэзущ. Зэпымыууэ езгъэкІуэкІыу нэтын зыбжанэ сиІэщ. «Пшынальэ» жьыхуиІэм кьызэщІызгъэгъэзыбыдэ щэнхабзэм ехьэлІа Іэщ1агъэ куэд. Языныкъуэхэм эфирым занщІэу кІуэу долажьэ. Псалъэм папщІэ, уэрэджьыІакІуэхэм концерт щатым деж. Эфир занщІэр бгъэхьэзырыну гугъущ, ауэ фІагъ куэд хэлъщ. РадиокІэ узэхэзыхэм уапыщІа мэхъу, ягу иль телефонкІэ кьыбжаІэну Іэмал яБот. «ЩэнхабзэмиІ и льаХэ» и фІэщыгъэу нэтын сиІэщ. Ар мэрем пщэдджьыкьым сыкьэти 7-рэ дакьикъэ 45-м щІидзэу йокІуэкІ дакьикъэ 15-кІэ. «Усыгъэ» нэтыныр Махуэлі Хьэджэтрэ сэрэ нэзууэ догъэхьэзыр. СиІэщ, «Ди гъуэсу зыгъэзэпсэху» концертыр. УэрэдыщІэм, ар зи Іэдакъэщ1экІым гулъытэ кьыхуедгъэщІыну дыхуеймэ, мис ар ди Іэмалщ. Сабийхэм яхуэгъэзащ си «ДунейгъафІэ» нэтынкІ. Абыхэм я макъ цІыкІухэр бгъэІуымэ, я цІэ-унэцІэр кьиплуэмэ, телъыдж кьащІэхьуну, нэхъыбэрэ садэлэжьарэт жьыбоІэ. «ДунейгъафІэм» хэту радиодерс щысщІ щыІэщ. Дытопсэлъыхьэ хьэршым, гъэм и зэманхэм. Псалъэм папщІэ, АфІэунэ Лиуан сабийхэм яхуитха усэхэм Дыгъэм, Маззм ятеухуахэр кьахьэохри, абы екІун макъамэ щаби щІызогъэувэж. Ар кьэзмыт щІыкІэ щІыкІуэхэм яжьзоІэ кьэрэндащ, зэмыфэгъуэхэмрэ тхьылъымпІэрэ кьагъэхьэзырыну. Усэмрэ макъамэмрэ зэщІэту кьеуэху, сэ абы сытепсэлъыхьыху, сабийхэм я нэгу кьыщІыхьэр сурэту ящІ. ИкІэм яжьзоІэ сурэт ящІахэр кьытІэрагъэхьэну. Хуабжьу гъэщІэгъуэнщ абыхэм я лэжьыгъэхэм уахэплъэну.

СМИ лІэужьыгъуэхэм радиор псом я нэхъыфІу кьызолъытэ. Мыбы цІыхум и теплъэ щыдгъэльагъуэркъым, тхыгъэ гъущэпсыщэ дыщелэжьыркъым. АтІэ макъым дыдолажьэ. Абы бзэри нэхъыфІу бгъэщІрыуну Іэмал кьует. Гурэ псэкІэ зи Іэнатіэр фІыуэ зымылъагъу щылэжьэфынукъым ди деж. Щ1алэгъуалэ кьытхуокІуэ, ауэ, афІэгугъущи, Іуэгъэркъым. Эфирым зэресэу, Іэщ1агъэм и щэхуэр кьызэращІэу, телевиденэм макІуэ. Щ1алэгъуалэ диІамэ, хъарзынэт - псэщІэ кьытхьыхьауэ кьытщыхьунут.

МЫЗ Ахьмэд:

Псэлъэгъу Іущхэр мащ1экъым

РЕДАКЦЭМ щылажьэхэр хэубыдыкІауэ зы Іуэхугъуэ дытепсэлъыхьу щытхъым, ауэ сэ ешым нэхъ сфІэфІыр ди щыІэкІэ-псэухэм, экономикэм ехахэрщ. Псом хуэмыдэу къуажэдэс къызэрыгуэкІхэм сепсэлъэну сфІэфІщ. Абыхэм, удимыльхьэхыкІэ Іэмал имыІэу, цІыху акъыльифІэ, псэлъэгъу Іущ куэд кьахокІ.

Сэ сфІэфІщ Хэку зауэшхуэм хэтахэм ятеухуа нэтынхэр згъэхьэзырын. Зауэм хэтауэ къэзыгъэзэжахэр мащІэ дыдэщ, мис абыхэми щІэх-щІэхыуэр саІоущІэ. Абыхэм тхылъхэми ущримыхьэлІэну зауэм теухуа куэд, къыпхуаІэятэж. КъыщыпэмыщІауэ, и гупсысэкІэкІэ, Іуэху еплъыкІэкІэ, дуней тетыкІэкІэ сигу дыхьа, щапхъэу бгъэльагъэуну зыхуэфащэу къэслъытэр нэхъыбэм кьезгъэщІыхуну яужь ситщ.

Къэралым щекІуэкІ мыхъумыщІагъэхэм, цІыху, ІэнатІэ зэхэгъэж зэращІым зэззмысэ сыщытепсэлъыхь щІыщІэ. Псалъэм папщІэ, депутатым и улахуэр сом мин щиплІым щІигъу, минипплІ-тху фІэкІа крамыт щІыху кьызэрыгуэкІхэри щІыщІэ. Депутатым и улахуэр ину щытын зэрыхуэйр сэри сощІэ, ауэ абы цІыху кьызэрыгуэкІым и улахуэр, и псэукІэр иримыгъафІакІуэмэ, депутатыр щІагъэлажьэм и мыхьэнэр сыт?